



Pou Piblikasyon Imedya: 28/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL KONVOKE BIWO SÈVIS DEVLOPMAN RELIJE AK SAN BI LIKRATIF ETA NEW YORK LA

Pral travay ak plizyè kalite lidè gwoup relijye pou ede fè fas ak sante mantal, krim rayisans ak sekirite kominotè, aksesibilite ak lòt defi ijan

Biwo reyimajine pou konekte resous gouvènman nan Eta a ak kominote ki nan bezwen yo

Gouvènè Kathy Hochul te konvoke jodi a Biwo Sèvis Devlopman Relijye ak San Bi Likratif (Office of Faith and Non-Profit Development Services) ki fèk reyimajine a. Biwo a, ke yo te konnen kòm Biwo Devlopman ak Sèvis Kominotè ki baze sou Lafwa New York la, pral ede bay Nouyòkè vilnerab yo èd epi konekte-kominote yo ak opòtinite sibvansyon eta yo.

"Ekriti yo di, 'Menm jan fè file fè, konsa yon moun ede yon lòt'. Nan yon moman kote anpil Nouyòkè gen difikilte, yo raple nou responsablite sa a pou youn sipòte lòt, sa ki fè nou tout pi fò", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Biwo Sèvis Devlopman Relijye ak San Bi Likratif la, ansanm ak Konsèy Konsiltatif Entè-relijyon (Interfaith Advisory Council) an, se lidè relijye ki gen eksperyans ki konnen sa fidèl yo ak rezidan yo bezwen, yo konprann lafwa pote viktwa sou divizyon epi se avèk je yo ak zòrèy nou ka ede moun ki bezwen li plis".

Kominote relijye yo byen pozisyone pou ede konbat kèk nan pi gwo defi Nouyòkè yo ap fè fas, tankou enpak rezidyèl yon pandemi mondyal sou sekirite ekonomik ak sante mantal, yon ogmantasyon resan nan krim rayisman ak divizyon sosyal, ak bezwen pou plis lojman abòdab ak bon travay. Anplis de sa, anpil Nouyòkè pa konnen resous ak sèvis ki disponib pou yo, epi Biwo a pral edike kominote yo sou sibvansyon ak pwogram yo epi ede yo navige nan pwosesis aplikasyon ak apwobasyon an.

Nan anons jodi a, Gouvènè Hochul te make etablisman Konsèy Entè-relijyon Eta New York la, ke Komite Egzekitif ki gen plizyè kalite manm nan te dirije, pou konstwi ak ankouraje relasyon atravè kominote Eta New York yo.

Konsèy la, ke Komite Egzekitif la te dirije an kolaborasyon ak Direktè Biwo Lafwa (Faith Office) a, plonje nan kominote relijye a. L ap gen pou l rasanble resous yo epi abòde

pwoblèm nan kominote sa yo ansanm, tout sa yo, an patenarya ak gouvènman Eta a, sektè prive a ak Biwo Sèvis Devlopman Kominotè ak Relijye a. Pou ede akonpli efò sa a, lidè sa yo, antanke manm Egzekitif Biwo a, pral vwayaje nan chak konte New York nan yon vwayaj edikatif pou konekte resous yo ak moun ki bezwen yo. Vizit nan 62 konte a pral konsantre sou idantifye patnè kle nan tout kwen nan eta a, idantifye pwoblèm sou plas yo pa mwayen:

- **Ranfòsman Kapasite:** Konekte òganizasyon relijye ak san bi likratif yo avèk opòtinite sibvansyon yo
- **Kreyasyon Kowalisyon:** Òganize reyinyon lokal pou koneksyon ak lòt opòtinite
- **Sansibilizasyon Kominotè:** Travay ak OTDA, OCFS, DOS, HCR, ak Inite Kowòdinasyon Eta San Bi Likratif Gouvènè a pou ede kominote yo founi sèvis bay rezidan yo ki pi bezwen yo epi konbat kòz povrete
- **Bay sipò pou jwenn sibvansyon**

Estrateji sa a pral fasilite koneksyon ajans eta yo ak kominote ki nan bezwen yo lè li investi 5 milyon dola pou etabli operasyon ak fasilite sibvansyon. Finansman inisyalyo pral 1.5 milyon dola, k ap monte a 3 milyon dola kòm Biwo a pral gen otonomi pou l fè sibvansyon bay òganizasyon san bi likratif jiska 3.5 milyon dola. Resous sa yo enkli, men se pa sa sèlman, lojman abòdab, reponn a zak patipri ak prevansyon krim rayisman, abòde mòtalite matènèl, aksè a swen sante mantal, fè katye yo rete an sekirite epi ede plis moun gen mwayen pou peye inivèsite.

Pastè Caura N. Washington pral dirije Biwo Sèvis Devlopman Relijye ak San Bi Likratif la. Anvan nominasyon li kòm Direktè Biwo Devlopman Relijye ak San Bi Likratif la, Minis Washington te Asistan Pastè nan New Mount Zion Baptist Church ki sitiye nan Harlem.

Direktè Biwo Sèvis Devlopman Relijye ak San Bi Likratif Eta New York la, Caura N. Washington, te deklare, "Mwen onore pou m sèvi kòm Direktè Sèvis Devlopman Relijye ak San Bi Likratif anba lidèchip Gouvènè Kathy Hochul. Gouvènè a te pwouve devouman li ak angajman li anvè kominote relijye a nan re-etabli ak revigore biwo sa a. Mwen prevwa travay ak lidè relijye yo ak òganizasyon san bi likratif yo atravè eta a pou fè tande bezwen chak kominote k ap evolye yo ak travay enteresan kominote relijye a deja akonpli".

Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Depatman Deta a pare epi li vle bay sipò pou Biwo Devlopman Relijye ak San Bi Likratif New York la. Gouvènè Hochul konnen lidè Entè-relijyon yo ka sèvi kòm katalizè pou inite ak konpreyansyon epi lè nou mete yo ansanm, nou ka bati kominote solid ak inifòm epi vin yon fòs pwisan pou chanjman pozitif".

Manm ki fè pati Komite Egzekitif la se:

- Prezidan Entèn: Sekretè Robert Rodriguez
- Prezidan: Reveran A.R. Bernard

- Jennifer Jones Austin
- Raben Deborah Bravo
- Raben Sharon Kleinbaum
- Maury Litwack
- Monseyè Kevin Sullivan
- Pastè Darius Pridgen
- Reveran Kia Brooks
- Reveran Doktè Franklyn Richardson
- Evèk Frank White
- Reveran John Carter
- Imam Mansoor Rafiq
- Evèk Raymond Rivera
- Monseyè Kevin Sullivan
- Reveran Doktè Malcolm J. Byrd
- Pastè Carl Washington, Jr.
- Reveran Doktè Johnnie Green

###

Lòt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)